Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

# ИУДЗИНАД

Форум осетинских фамилий

№ 6 июль 2017 года
№ 6 2017 азы сусæны мæй

Газета Северо-Осетинского республиканского общественного движения “Иудзинад”
Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд “Иудзинад”-ы газет

## Номыры кæсут:

4 АРФÆЙАГ ХЪУЫДДАГ — Æркаст-конкурс “Ирон дæн æз”
6 ХЪÆППÆРИС — “Иудзинад”-ы балц Лабæмæ
8 ТАУРÆГЪ — Уастырджийы фæдзæхст

**Æргом хъуыдытæ — хъуыддаджы рахæцæн**

# Кæдæм нæ хондзæн “Иры Ныхас”?

**Арæх рацæуы кой æхсæнадон змæлд ”Иры Стыр Ныхас”-ы куысты тыххæй. Уыцы ныхæстæ фæарæхдæр æмæ фæкарздæр сты фæстаг азы дæргъы. Дзырд ”ныхас” амоны ”дзурын, кæрæдзийæн хъуыдытæ, зæгъинæгтæ раргом кæнын”, уымæ гæсгæ, мæн дæр фæнды мæ хъуыдытæ бамбарын кæнын. Æхсызгон мын уаид, нæ адæмы хъысмæтмæ куыдфæндыйы цæстæй чи нæ кæсы, иннæ уыцы адæм дæр ацы фарстамæ сæ ахаст куы равдисиккой.**

Цы ис зæгъæн? Фыццаджыдæр, уый æмæ кæд фарста ныхас расайдта, уæд адæмы зæрдæтæ агайы, ”срæгъæд ис”, æрцыд рæстæг, цæмæй йæм æркастæуа тæккæ бæрзонддæр æмвæзадыл.

Дыккаджы та, æз разы нæ дæн, ома, сæвзæргæ фарстаты сæйраг аххосаг советы уæнгтæ æгæр зæронд, стæй уæзбын кæй сты, зæгъгæ, чи зæгъы, уыдонимæ. Æхсæнадон змæлд куы фæзынд, уæдæй абонмæ йæ советмæ фылдæр æвзæрст цыдысты адæмы ’хсæн кадджын æмæ нымад лæгтæ. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ йæ рæстæджы организацийы размæ раст, æмбæлгæ нысæнтæ æмæ хæстæ æвæрд не ’рцыд. ”Стыр Ныхас” абон ис ахæм уавæры, æмæ кæй фæнды куы равзарæм советы уæнгтæй, кæнæ йæ сæрдæрæй, уæддæр бирæ ницы аивдзæн. Уыдзысты, уырыссагау ”свадебный генералтæ” кæй хонынц, ахæмты бынаты, не ’ххæст кæндзысты куыд æмбæлы, афтæ сæ хæстæ. Гъе, уымæ гæсгæ æрцыд рæстæг æхсæнадон змæлд ”Иры Стыр Ныхас”-ы куыстмæ цæхгæр ивддзинæдтæ бахæссынæн.

Цалдæр мæйы размæ сæмбæлдтæн не ’мзæххонты иу къордимæ, æмæ та ногæй сæвзæрд ацы фарста. Æргом зæгъгæйæ, мæнæн хъыг вæййы, ”Стыр Ныхас”-ы уæнгтимæ зонгæ дæр чи нæу, сæ куыстæн дæр сын чи ницы зоны, ахæм æрыгон фæсивæд сæ фыдгой куы фæкæнынц, цъыфкалæн ныхасыл куы нæ фæауæрдынц, уæд. Ахæм ахаст тынг парахат у адæмы ’хсæн. Уыимæ сæ нæ аирвæзы, Хетæджы къохы бын, стæй иннæ кувæндæтты цы æхцайы фæрæзтæ æрæмбырд вæййынц, уыдоны кой дæр. Хъуыды-ма кæнын, æз сæ афарстон: ”Комкоммæ цы аивиккат ”Стыр Ныхас”-ы куысты? Цавæр хъуыддæгтæм сæм æнхъæлмæ кæсут? Уæ хъуыдытæ цæуылнæ фæхæццæ кæнут советы уæнгтæн сæхимæ?” Уыйадыл ныхас фæсыкк ис.

Уæдæ цæмæ æнхъæлмæ кæсæм ацы æхсæнадон организацимæ? Цæй аххосæй уал æмæ уал азы дæргъы фæндтæ æмæ ныхæстæ — бирæ, уынаффæтæ — хæрх, афтæмæй хъуыддæгтæ размæ не ’нкъуысынц?

Мæхи раз куы æрæвæрын ацы фарстытæ, уæд райдайын, растыл цы нæ нымайын, уымæй. Фыццаджыдæр, мæн нæ фæнды, цæмæй ”Иры Стыр Ныхас” æмæ йæ сæргъы цы куырыхон хистæртæ ис, уыдон уой æбар, сæ ныхас кæмæн ницы давы æмæ дзы уæз дæр кæмæн нæй, ахæм дæлдзиныг хистæрты уавæры. Ацы организацийæн æнæмæнг хъуамæ уа бæлвырд æхсæнадон уагæвæрд æмæ бартæ, сæ уынаффæтæ æххæст кæнынæн — æмбæлгæ мадзæлттæ æмæ хъæугæ уавæртæ. Æппæт уыцы домæнтæ æххæстгонд куы ’рцæуой, æрмæстдæр уæд уыдзæн радон съездты ”Стыр Ныхас”-ы советæй дзуапп æрдомæн йæ куысты тыххæй.

Мæн фидарæй уырны: ”Иры Стыр Ныхас”-ы рацарæзты фæндаг хъуамæ уа хуымæтæг, ницæмæн дзы хъæуы ног цыдæртæ мысын. Æнцой кæнын хъæуы, æнусты сæрты нæм чи ’рхæццæ, уыцы фыдæлтыккон фарныл, стæй вазыгджын æхсæнадон фарстатæ чи лыг кодта, уыцы адæмон ныхасы фæлтæрддзинадыл.

Ивгъуыд æнусты æхсæнадон институттæ абон дæр дисы æфтауынц: куыд хъомысджын, рæстаг æмæ демократон уыдысты.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ныр XXI-æм æнус у, æмæ кæддæры æгъдæуттæй бирæтæн раздахæн нал ис, фæлæ сæ бындурон домæнтæ æмæ уагæвæрдæй спайдагæнæн ис ныркон æхсæнадон царды дæр. Ирон хистæртæ стæм хатт архайдтой æхсæны куыстыты, хæстон хъуыддæгты, фæлæ сæ кæстæртæ зондæй фарстой, сæ алкæцы архайды дæр пайда кодтой уыдоны зонд æмæ фæлтæрдзинадæй. Уый у фыдæлтыккон ныхасы бындур.

Ам зæрдыл æрбалæууы, Дзæуджыхъæуы æртæ азы размæ цы цау æрцыд, уый. ”Иры Стыр Ныхас”, æхсæнадон организаци ”Хетæджы фæдонты мыггæгты цæдис” æмæ иннæ æхсæнадон иугæндтæ барвыстой бæлвырд курдиат республикæйы уæды разамындмæ. Фæлæ йæ ницæмæ ’рдардтой, арвыстой уыцы курдиат дæлæмæ къухæй-къухмæ. Бамбарæнма уыдаид, фарста Хицауады, Парламенты комитеты, кæнæ, æппынфæстаг, Дзæуджыхъæуы мэры æмвæзадмæ хаст куы æрцыдаид... Фæлæ горæты администрацийы æрыгон кусджытæй иу йæхимæ ахæм бар æмæ бæрн райста, æмæ ”Стыр Ныхас”-ы, стæй иннæ æхсæнадон организациты минæвæртты курдиатæн ”раст не стут”, зæгъгæ, дзуапп радта.

Афтæ хъуамæ ма уа! Хистæрты ныхасæн ахæм аргъ кæнгæйæ, æгады бынаты сæ æвæргæйæ, мах æгад æмæ æбæркад кæнæм сæ дарддæры æппæт куыст дæр. Афтæмæй адæмы ’хсæн дæр фидар кæны ахæм хъуыды: ”Æмæ уыдон та чи сты, цæмæн хъæуынц æмæ сæм чи хъусы?” Стæй ”Стыр Ныхас”-ы уæнгтæн сæхицæн дæр куыстмæ сæ зæрдæ нал фæрайы.

Æз афтæ нæ зæгъын, ома, ацы æхсæнадон организаци паддзахадон оргæнтæй бæрзонддæр хъуамæ уа, кæнæ сын куыд кусгæ у, уый фæдыл уынаффæтæ кæна. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ. Фæлæ нæ разагъды лæгтæ, нымад æмæ кадджын хистæртæ, адæм сæ номæй дзурыны бар кæмæн бахæс кодтой, уыдон иумæйаг уынаффæ куы рахæссой, уæд дзы хъуамæ уæз уа, æмæ хицауад дæр хъуамæ сæ хæсыл нымайой уыцы хъæппæрис æмæ фæндонмæ бæстон æркæсын. Хъуамæ йæ раиртасой, равзарой бæлвырд фæткмæ гæсгæ, кæмæ хауы, уыцы паддзахадон оргæнтæ. Уый дæр у ирон æгъдауы домæнтæй иу.

Хъыгагæн, нæ адæмы фылдæр хайы дунеæмбарынады бындур чи у, уыцы æгъдаумæ гæсгæ цæрыны фæтк фидаргонд нæу, нæдæр Конституцийы, нæдæр закъоны. Раст уаид, нæ ирон æгъдауы домæнтæ æххæст кæнын кæй зæрды нæй, уыцы министр кæнæ æндæр чиновник æргомæй куы зæгъид йæ хъуыды, уæд æм уыцы хъуыддæгты фæдыл дзургæ дæр ничи кæнид.

Ахсджиаг у, ”Стыр Ныхас”-мæ кæй æмæ куыд æвзарын хъæуы, уыцы хъуыддаг дæр. Гуырысхойаг нæу, уыцы бартæ съездмæ кæй хауынц, уый. Фæлæ-ма уæд æвзæры иу фарста. Съезды архайджытæ та чи хъуамæ уой? Куыд зонæм, афтæмæй ныртæккæ съезды делегатты æвзарынц ”Стыр Ныхас”-ы районты советтæ (афтæ-ма æвзæрстой СЦКП-йы конференцитæ æмæ съездтæм делегатты дæр).

Мæнмæ гæсгæ, не ’гъдау амоны æндæр фæтк. Растдæр уаид, алы мыггаг дæр куы равзарид йе ’хсæнæй нымаддæр æмæ дзырддзæугæдæр лæгтæй иу минæвар, уæд. Уыимæ, стыр мыггагæй чысыл мыггагæй хъауджыдæр хъуамæ ма уа.

Ныртæккæ та съездтæм бахауынц, æхсæнадон æмбырдты чи фæархайы, фæлæ мыггагаджы ’хсæн арæх зонгæ дæр кæй нæ фæкæнынц, ахæм адæймæгтæ. Ирон æмбисонды загъдау: ”Йæ хæдзары ныхасы бар кæмæ нæ хауы, уый дæр арæх адæмæн уынаффæгæнæг свæййы”. Йæ мыггаджы ’хсæнмæ чи нæ цæуы, йе ’рвадæлтæм нымад чи нæу, ахæм адæймагæн хъуамæ ма уа, æппæт ирон адæмы хъысмæтыл чи фæзындзæн, ахæм ахсджиаг фарстатæ лыг кæныны бар. Уый дæр ирон æгъдау у. Фыццаджыфыццаг, хъуамæ мыггæгтæ уой ”Иры Стыр Ныхас”-ы бындур, уый фæстæ та — йæ территориалон къордты активисттæ.

Съезд йæхæдæг дæр партконференцийы хуызы ма хъуамæ цæуа, стыр докладтæ æмæ æнæнымæц къамисты æмæ комитетты дзуаппытæм хъусгæйæ, ма фæуа. Хъуамæ дзы уа цæрдуд æппæтадæмон ныхас, делегаттæ архайой, адæмæн ахсджиаг æмæ вазыгджын чи сты, уыцы фарстатæ æмæ хъуыддæгтæ лыг кæныныл.

Уыцы форумы ныхас фылдæр хъуамæ цæуа иронау, стæй йæ сæйраг документтæ дæр хъуамæ фыст уой дыууæ паддзахадон æвзагыл: иронау æмæ уырыссагау. Науæд афтæ рауайы: æрвылбон дзурæм нæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл, йæ сомбоныл, афтæмæй та йыл нæ адæмы стырдæр æмбырды нæхæдæг былысчъил кæнæм.

→ 2

# Кæдæм нæ хондзæн "Иры Ныхас"?

1 ←

Æппæт уыцы хабæрттæ хынцгæйæ, зæгъдзынæн, нæ адæмы фæстаг (2014 азы) съезд æвзæр дæнцæгæн æрхæссæн кæй ис, уый дæр. Уыдис дзы тынг бирæ æнæхъæугæ, рæдыд хъуыддæгтæ. Хуынд адæмы 'хсæн, ирон æвзаг чи нæ зоны, ахæмтæ кæй уыд, уый аххосæй раныхасгæнджытæй бирæтæ сæ хъуыдытæ æргом кодтой уырыссагау. Афтæмæй алы хатт тынг æвидыц уавæры бахауæм нæ туркаг хотæ æмæ æфсымæрты раз: æрхонæм сæ съездмæ, дзургæ та фæкæнæм, стæй докладтæ дæр фæкæсæм уыдонæн æнæзонгæ æвзагыл. Æмæ нæ куы бафæрсынц: "Уæд ма нæ хонгæ та цæмæн æрбакодтат?", уæд, æнæмæнг, вæййынц раст. Мæнмæ гæсгæ, ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы паддзахадон чиновникты, æхсæнадон архайджытæ æмæ дины кусджыты ирон адæмы съездмæ хонын нæ хъæуы. Уымæй хуынд адæмы, стæй нæхи дæр æвæрæм, чи не'мбæлы, ахæм уавæры.

Развæлгъау нæ хъæуы, лæгъз ныхас чи кæндзæн, уыдоны номхыгъдтæ кæнын дæр. Æргом дзырдæй, кæнæ йæ куыстæн дзуапп бадомынæй чи тæрсы, уый уым цы архайы? Уыцы стыр æмбырдмæ адæм хъуамæ æрцæуой комкоммæ нысантимæ: риссаг хъуыддæгтыл æрдзурын, кæрæдзимæ байхъусын, хъæугæ хатдзæгтæ скæнын æмæ ныхас цы фарстатыл цыд, уыдон алыг кæнынæн бæзгæ мадзæлттæ ссарын.

Кæй зæгъын æй хъæуы, алцæмæндæр ис фæтк, æмæ дзурæг хъуамæ хынца съезды рæстæгон фадæттæ, ирон æгъдауы домæнтæ, йæ ныхас уа хъуыддаджы фæдыл, цыбыр æмæ мидисджын. Съезды ницæмæн хъæуы бирæ комитеттæ æмæ къамисты, стæй диаспорæты дæргъвæтин дзуаппытæм хъусын. Уыдон ис рагагъоммæ ныммыхуыр кæнæн æмæ сæ съезды архайджытæн байуарын. Раздæры съездты рæстæгæн йæ стыр хай истой хуынд адæмы æмæ хицауады арфæйы фыстæджытæ. Ницæмæн дзы хъæуынц уыдон дæр.

Съездмæ хонын хъæуы, йæ куысты нысанмæ æмæ ирон адæмы хъысмæтмæ комкоммæ бар чи дары, æрмæстдæр ахæм адæмы. Уæд фадат уыдзæн рæстæг сфæстауæрц кæнынæн æмæ фылдæр адæммæ байхъусынæн. Гæнæн ис æмæ се 'ппæтмæ ныхасы бар не 'рхауа съезды фæтк æмæ регламентмæ гæсгæ. Ахæмтæн уыдзæн сæ хъуыдытæ гæххæттыл фыстæй æмбырды сæрдармæ бадæттыны фадат.

"Иры Стыр Ныхас"-ы куыст рацаразыны фæдыл цы ахсджиаг хъуыдытæ æмæ фæндæттæ хаст æрцæуа, уыдон хъуамæ æвæстиатæй æвзæрст æрцæуой æмæ сæ бынат ссарой съезды уынаффæты. "Стыр Ныхас"-ы куыстæн аргъ кæнгæйæ, фыццаджыдæр, хъæуы адæмы цæстæнгасæй пайда кæнын. Уый базонынæн та сæм хъæуы бæстон байхъусын.

Ныры "Стыр Ныхас"-ы советы уæнгты нымæц у сæдæ æртынæй фылдæр. Цæрынц нæ бæстæйы æмæ дунейы алы кæрæтты. Ахæм советæн æнтыстджынæй кусын амал нæй, нæу сæ бон, куыд æмбæлы, афтæ æмбырд кæнын, уæлдайдæр та — ахсджиаг хæстæ сæхимæ райсын. Ирыстоны адæм та уыцы "Ныхас"-мæ бæлвырд, цæстуынгæ, ахадгæ куыстмæ æнхъæлмæ кæсынц.

Диаспорæты минæвæрттæн снысан кæнын хъæуы æндæр, сæрмагонд статус, цæмæй æхсæнады æрвылбоны куыстæй уой уæгъд, фæлæ сæм хъуамæ ныхасы бар уа, уынаффæтæ фидаргæнгæйæ. Уымæн гæнæн ис ныркиккон бастдзинады фæрæзты, уæлдайдæр та — интернеты фæрцы. "Стыр Ныхас"-ы советы æрвылбоны куыстæн та, Ирыстоны чи цæры (Хуссары æмæ Цæгаты), уыдонæй 40-50 дзырддзæугæ адæймаджы дæр фаг сты. Сæ фылдæр хай хъуамæ уа, азы æмгъуыдмæ кæй æвзарой, мыггæгты уыцы минæвæрттæ.

Иу фиппаинаг ма. Советы уæнгты æвзаргæйæ, кармæ кæсын нæ хъæуы. Йæ 50 азы сæрты чи ахызт, уый фылдæр хатт бинонты хистæр вæййы, стæй-иу бинонджын кæстæртæ дæр архайдтой ныхасы æмбырдты: хъуыстой сæ куырыхон хистæртæм, ахуыр кодтой уыдоны фæлтæрддзинадыл... Хистæртæ дæр архайдтой кæстæрты хъуыды бамбарыныл.

Хъыгагæн, фæстаг азты нæ фæсивæды цæсты хистæртæй бирæты, стæй, æмткæй райсгæйæ, "Стыр Ныхас"-ы кад фæцудыдта. Уый у ныртæккæйы царды æцæгдзинад, æмæ, кæд нæ зæрдæмæ нæ цæуы, уæддæр хъуамæ уа хъуыдыйаг.

Уæдæ цавæр куыст хъуамæ кæна "Стыр Ныхас"? Алкæмæ дæр ис йæхи хъуыдытæ, хаттæй-хатт рауайынц ныхмæвæрд. Ам дæр та æз райдайдзынæн, "Стыр Ныхас" цæуыл ма хъуамæ куса, уымæй. Зæгъæм, политикæ, экономикæ æмæ æндæр ахæм фарстатæй "Стыр Ныхас" хъуамæ йæхи хиза. Уыдон сты паддзахадон оргæнты бæрны. Уыимæ, "Стыр Ныхас" хъуамæ иуварс ма лæууа æхсæнады тæккæ риссагдæр фарстатæй, зæгъæм, адæмы æдасдзинад, фæндаггон змæлды нывылдзинад æмæ афтæ дарддæр. "Стыр Ныхас"-ы архайд хъуамæ ахадгæ уа ирон æхсæнады царды, хорзæрдæм æй араза.

Æппындæр разы нæ дæн, цæмæй "Стыр Ныхас" нæ кувæндæтты мысайнæгтæ æмбырд кæна, уыимæ. Уымæн æмæ уый къаддæр кæны адæмы æууæнк "Стыр Ныхас"-мæ, расайы тынг бирæ дам-думтæ. Нæ кувæндæттæм — Хетæджы къох, Ныхасы Дзуар æмæ æндæр уаз бынæттæм æвваххс цы æфсæйнаг æхцадонтæ ис (мысайнагдонтæ сæ цæуылнæ хонын, уый дарддæр бамбарын кæндзынæн), уыдон сты сæрмагонд ныхасы аккаг. Уыцы æхцайы фæрæзтæ æмбырд æмæ хардз кæныны хæс хъуамæ æвæрд цæуа, уыцы бынæтты цæрджытæ кæй равзарой, ахæм адæймæгтыл. Стæй мыггагмæ нæ, фæлæ азæй-азмæ ивгæйæ.

Æз гуырысхо нæ кæнын, уыцы æхцатæ хорз хъуыддæгтыл хардзгонд кæй цæуынц, ууыл, фæлæ мысайнагæн йæ мидис æндæр у. Абон, хъыгагæн, йæ сакралон, йæ уаз нысаниуæг нал æмбарынц бирæтæ. Сæдæ азы размæ дæр ма дзуары бынмæ æхцаимæ ничи цыд. Фæстæдæр хæссын райдыдтой згъæр æхца — развæлгъау-иу æй артыл ссыгъдæг кодтой, æмæ-иу æй урс хæцъилы, кæнæ бæмбæджы батыхтой, афтæмæй.

**<u>Уæдæ цавæр куыст хъуамæ кæна "Стыр Ныхас"? Алкæмæ дæр ис йæхи хъуыдытæ, хаттæй-хатт рауайынц ныхмæвæрд. Ам дæр та æз райдайдзынæн, "Стыр Ныхас" цæуыл ма хъуамæ куса, уымæй. Зæгъæм, политикæ, экономикæ æмæ æндæр ахæм фарстатæй "Стыр Ныхас" хъуамæ йæхи хиза. Уыдон сты паддзахадон оргæнты бæрны. Уыимæ, "Стыр Ныхас" хъуамæ иуварс ма лæууа æхсæнады тæккæ риссагдæр фарстатæй, зæгъæм, адæмы æдасдзинад, фæндаггон змæлды нывылдзинад æмæ афтæ дарддæр. "Стыр Ныхас"-ы архайд хъуамæ ахадгæ уа ирон æхсæнады царды, хорзæрдæм æй араза.</u>**

Абон та мысайнагдонты фылдæр хатт æвæрд цæуынц гæххæттын æхцатæ, хатгай æнæуаг хъуыддæгтæй кæй бакусынц, ахæмтæ дæр. Стæй бирæтæм афтæ кæсы, ома, цас фылдæр æхца сæвæрой, уыйас сын хуызæр æхъаз бакæндзæн дзуар. Кæй сайæм ахæм митæй? Мæнмæ гæсгæ, уыцы æхцайæн нæй хонæн мысайнаг. Хетæджы къохмæ хæстæг фæндаджы был æхцаæмбырдгæнæн æфсæн асикк фæзындис хæрзæрæджы. Кæй уынаффæйæ, уый дæр хорз хъуыды кæнын. Мæнмæ гæсгæ, уый уыдис стыр рæдыд, адæмы цæсты бафтыдта "Стыр Ныхас"-ы дарддæры архайд.

Кæд уыцы æхцадонтæн æнæ даргæ нæй фæндаджы былтыл, уæд сыл цæуылнæ ныффыссæм: "Пожертвования на благоустройство и благотворительность", чи сæ æмбырд кæны, уыдоны нæмттæ æмæ адрисимæ? Уæд адæм зондзысты, цы у сæ нысан, мысайнаг сæ нал хондзысты. Цы бар дарынц Уастырджимæ йæ кувæндоны алфамблай æмбырдгонд милуан сомы? Хуыздæр нæ уаид, сæрмагонд хæрзаудæн фондтæ саразын, æппæт дунейы дæр куыд кæнынц, афтæ?

Растыл нæ нымайын "Стыр Ныхас"-ы рæстæг хицæн чысыл фарстатыл хардз кæнын дæр, хъуамæ ма иса йæхимæ ахæм хъуыддæгтæ лыг кæныны хæс. Йæ архайд хъуамæ уа, æппæт ирон адæмæн дæр ахъаззаг чи у, уыцы хъуыддæгтыл. Уæлдай æргом здахын хъæуы удварны фарстатæм, мадæлон æвзагмæ, национ культурæ æмæ ахуырадмæ, нæ адæмы иу чи кæны, нæ дунеæмбарынады бындур чи у, уыцы ирон æгъдауы сыгъдæгдзинадмæ.

Ахсджиаг у не 'взаг бахъахъхъæнын æмæ йын йæ паддзахадон æвзаджы уагæвæрд æмæ бартæ сфидар кæныны хъуыддаг. Хъыгагæн, абоны онг "Иры Стыр Ныхас" уыцы куыстæн хъима æппындæр ницы ахъаз фæцис. Æрмæстдæр махмæ, Цæгат Ирыстоны, ныр 25 азы дæргъы Парламенты депутатты къухы не 'фты паддзахадон æвзагты тыххæй закъон сфидар кæнын, æмæ уыцы рæстæг нæ разагъды лæгтæй иу дæр нæ бафарста: "Ай цы хабар у?", зæгъгæ.

Цæмæй "Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ æппæт уыцы фарстатæ уыной æмæ сын афойнадыл дзуапп дæттой, уый тыххæй хъуамæ уой адæмимæ нумæ, зоной сын сæ зæрдæты рис, куыдфæндыйы цæстæй сæм ма кæсой. Гъе, уый тыххæй байхъусын фæхъæуы, радон съезды лæгъз докладтæ æмæ раныхæстæм нæ, фæлæ æргом зонд æмæ арфхъуыдыджын адæммæ.

Кæстæртæ æмæ рæстæмбис кары адæмимæ æмбæлгæйæ, семæ ныхасгæнгæйæ, æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: бирæтæ афтæ нымайынц, æмæ Стыр Ныхас ныхмæлæуд хъуамæ уа паддзахадон структуртæимæ, ныкъуырд сын дæтта, куыд хицауады иууылкарздæр оппозици, афтæ. Ахæм дæнцæгтæ ис нæ сыхаг республикæты æмæ дзы хорзæй ницы уынæм. Уымæн æмæ уый у стыр рæдыд, стæй ахæм архайд зианхæссæг у адæмæн. "Стыр Ныхас" хицауадимæ хъуамæ æмгуыст кæна, дома дзы Иры риссаг фарстатæ афойнадыл лыг кæнын, уымæ, куыд æхсæнадон организаци, афтæ хæдбар уæвгæйæ.

Уыцы хæдбардзинад у, куыд адæмы, афтæ "Стыр Ныхас"-æн йæхи, стæй суанг хицауады пайдайæн дæр. Æрмæстдæр ахæм уавæрты у йæ бон "Стыр Ныхас"-æн ахадгæ куыст кæнын, ахсджиаг æхсæнадон фарстатæ лыг кæнын.

Ахъуыдыйаг у, "Стыр Ныхас"-ы уæнгтæй иу-дыууæ Парламенты депутаттæ куы уаиккой, уый дæр. Уыдон Парламент æмæ Хицауадмæ хæццæ кæндзысты æдæмон уынаффæдоны хъуыдытæ æмæ фæндæттæ. Ис-ма мæм иу фæндиаг: цæмæй "Стыр Ныхас"-æн уа Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны Парламенттæм закъонæвæрæг хъæппæристæ бадæттыны бар.

"Иры Стыр Ныхас"-ы хæстæй иу у национ фарстатыл кусæг æхсæнадон организациты æрбангом кæнын, цæмæй сæ иумæйаг архайд ахадгæдæр æмæ хъомысджындæр уа. Иу лæджы куысты бæркад зиуимæ абарæн нæй. Æмæ уымæн ис хорз фæдæттæ, уыцы æхсæнадон организациты хæдбардзинадмæ нæ фæныхилгæйæ. Ахæм организацитæ та нæм чысыл нæй. Бирæтæ дзы æнтыстджынæй кусынц, адæмы 'хсæн сты нымад. "Стыр Ныхас"-ы иуæй-иу разамонджытæй фехъусæн уыдис: "Æрмæстдæр мах кусæм ацы фарстатыл, иннæттæ та сты цæстфæлдахджытæ". Уый раст хъуыды нæу. Чи зоны, æмæ уыцы организацитæ нæ фæзындаиккой, цы хъуыддæгтæ аразынц æмæ цы хæстæ æххæст кæнынц, уыдоныл "Стыр Ныхас" уал азы æнтæсджынæй куы куыстаид, уæд.

Æппæт ацы фарстатыл бирæ фыссæн æмæ дзурæн ис. Фæлæ æргом æмæ æнæзивæгæй нæ хъуыды куы дзурæм, кæм — комкоммæ ныхас æмæ интернеты, кæм та — дзыллон информацийы фæрæзты фæрцы, уæд, чи зоны, хъуыддаг фенкъуыса, æмæ нæм сыраза æцæг "Адæмон Ныхас". Мæнмæ гæсгæ, афтæ схонын хъæуы уыцы организацийы æвзæрст лæгты совет дæр. "Стыр ныхасæн" ирон æвзаджы æмæ ирон царды мидæг æндæр нысаниуæг ис, стыр ныхæстæ гæнæг нæ адæммæ кадджын никуы уыдис.

Кæронбæттæны зæгъдзынæн: нæ Ирыстоны æвæстиатæй саразын хъæуы, нæ куырыхон æхсæны лæгты æмæ мыггæгты дзырддзæугæ минæвæртты раст уынаффæты фæрцы Иры дзыллæйы сæраппонд æнтыстджынæй чи кусдзæн, æнгом нæ чи кæндзæн æмæ нæ фæрнгдæр фидæны арæзтады зиумæ чи хондзæн, ахæм организаци. Уымæн та уæвæн ис, æдæмы зонд æмæ сæ сагъæстæ æдзухдæр нæ тæрхоны лæгтæм нымад куы уой, æрмæстдæр уæд.

**КУЧИТЫ Руслан,**
**интернет-проект**
**"Ирон Адæм" саразæг**
(www.ossetians.com)

Решением совета

# Сор из избы...

**В мае 2014 года по инициативе неравнодушных к осетинской культуре людей был созван национальный форум "Алания", на котором присутствовало более 1,5 тысячи делегатов — представителей более 750 осетинских фамилий. На форуме состоялся предметный разговор о состоянии осетинской культуры, традиций, родного языка.**

По итогам форума были приняты решения о целесообразности придания святым местам статуса "сакральных территорий", внесения в Конституцию РСО-Алания понятия "Ирон æгъдау". Также были приняты решения о мерах по сохранению родного языка и строительству комплекса "Башня и очаг единства осетинского народа". Сформированная на форуме рабочая группа незамедлительно приступила к реализации этих решений.

Уже на первом заседании часть инициативной группы форума во главе с Хадзматом Дзанайты высказалась в пользу достижения этих целей политическим путем. Но основная часть группы придерживалась мнения о том, что главная задача организации — объединение осетинского народа вокруг понятия "æгъдау". Этот нравственный кодекс наши предки берегли как главную святыню и передавали из поколения в поколение. Большинство четко обозначило свою позицию: вопросами экономики, политики, религии организация заниматься не должна, а сосредоточить все усилия на сохранении родного языка, осетинской культуры и традиций, на строительстве "Башни единства".

Впоследствии группа Хадзмата Дзанайты покинула организацию. Оставшийся костяк инициативной группы принял решение именовать организацию движением "Иудзинад". Было предложено строить деятельность движения без официальной регистрации на основе осетинских традиций и обычаев, консолидированно и единогласно принимая все решения. В работе основной упор был сделан на взаимодействие с представителями осетинских фамилий.

Чтобы усилить результативность совместной работы, была высказана рекомендация о создании фамильных советов, которые бы имели полномочия делегировать по одному представителю фамилии на Всеосетинский съезд, выполнять решения которого впоследствии предстояло бы движению "Иудзинад".

Помимо вышеперечисленных вопросов, члены совета движения "Иудзинад" большое внимание уделяют работе с молодежью. Здесь упор сделан на развитие творческих способностей молодого поколения. С этой целью на базе движения созданы ансамбль танца, группы обучения игре на народных инструментах, мастерские по изготовлению национальных инструментов и кукол. Причем, в этих творческих студиях юноши и девушки занимаются бесплатно. Планируется, что со временем формы и методы воспитания и просвещения молодежи будут расширяться и углубляться.

Также ведется активное взаимодействие со служителями культовых и святых мест. Изначально были проведены собрания, в которых участвовали "дзуары лæгтæ" каждого ущелья, а впоследствии состоялось общее собрание. На этом представительном сходе "дзуары лæгтæ" избрали свой совет, который включился в работу по выполнению решений форума "Алания".

На тот момент в совете движения "Иудзинад" состояло 12 человек. Было принято решение работать без учреждения должности председателя совета. Но, понимая необходимость постоянного присутствия в офисе ответственного человека, было предложено назначить координатора и секретаря (с выплатой зарплаты) для более продуктивной работы.

На должность координатора был избран Руслан Кучиты. К сожалению, личные обстоятельства вынудили его уехать за пределы республики, но он по-прежнему продолжает плодотворно работать в составе движения.

Естественно, встал вопрос о замещении должности координатора. Из всего состава совета в то время безработным был только Батрадз Кучиев. Ему было предложено занять место координатора.

Б. Кучиев сразу же после избрания координатором развернул бурную деятельность не по выполнению решений форума осетинских фамилий, а по самопиару, получая при этом заработную плату. Была заброшена работа с представителями фамилий. Но в офисе движения всегда можно было наблюдать представителей прессы — каждый свой шаг новый координатор старался освещать в СМИ.

Так как невозможно было отследить все его действия, он усиленно стал стучаться в двери властных структур, позиционируя себя единоличным выразителем мнения членов совета движения "Иудзинад". В дальнейшем он перестал считаться с членами совета, по собственной инициативе собрал представителей многих общественных движений, предложив им объединиться в единый координационный совет под его, Батрадза Кучиева, началом.

Стало очевидно, что этот человек работает на свой имидж, на свой карман. Свидетельством этому является и то, что он начал продавать через киоски газету движения, которая за все время своего издания распространяется бесплатно. Также он, сославшись на недостаточность средств, стал тайно собирать денежные взносы с членов совета. Хотя, помимо заработной платы, он систематически получал средства на повседневную организационную деятельность.

Но переполнившим чашу терпения событием стало то, что Б. Кучиев провозгласил себя председателем движения. В чем легко можно убедиться по 1- и 2-ому номерам газеты "Иудзинад" — где он был указан, как член совета движения, а в 3-ем номере неожиданно стал председателем движения. В это же время в одной из республиканских газет было опубликовано интервью с Б. Кучиевым, в котором он также был указан, как председатель движения "Иудзинад".

Когда на очередном собрании совета движения Б. Кучиева попросили напомнить о том, когда он был избран председателем, то его объяснения были невнятны. Так, он сослался на то, что, якобы, в такой должности его представил редактор газеты. После нашего разговора с редактором газеты "Иудзинад" и другими журналистами выяснилось, что Б.Кучиев сам сообщил им о том, что избран председателем совета движения.

Обсудив создавшуюся ситуацию, члены совета приняли решение о том, чтобы все ранее собранные взносы были незамедлительно возвращены. А в вышедшем тогда 4-ом номере газеты "Иудзинад" Б. Кучиев снова стал одним из членов совета.

Однако, мы недооценили этого деятеля. Естественно, никаких денег он не вернул. Помимо этого, предварительно заблокировав работу сайта движения, он исчез из поля зрения, прихватив с собой всю документацию движения и контакты, наработанные за последние годы. Попытки связаться с ним, хотя бы по телефону, никаких результатов не дали.

Так, чей же коллективный труд хочет присвоить Б. Кучиев? Кто же состоит в совете движения "Иудзинад"?

1. Владимир Токов — учитель осетинского языка с 25-летним стажем, инициатор многих мероприятий, связанных с развитием и популяризацией осетинского языка и культуры, отработавший более 30 лет в сфере культуры. Награжден Почетной грамотой Государственного комитета РФ по делам молодежи, за активную работу по пропаганде родного языка отмечен благодарственным письмом Президента РСО-Алания и т.д.

2. Феликс Дзуцев — археолог-историк, руководитель многих научных экспедиций, знаток и хранитель национальной культуры и обычаев.

3. Эльбрус Фарниев — врач высшей категории, долгие годы работающий в Фиагдонской больнице, общественник, знаток осетинских национальных традиций.

4. Алан Туаев — организатор множества национальных молодежных проектов, популяризатор лучших традиций и обычаев осетин среди молодежи.

5. Сергей Таболов — инженер-строитель, знаток и пропагандист осетинского языка и обычаев, хранитель культуры и зодчества осетин, создатель сайта "Иудзинад".

6. Тамерлан Цгоев — кандидат юридических наук, преподаватель Владикавказского института управления, принимал активное участие в подготовке законопроекта "О государственных языках РСО-Алания".

7. Тамерлан Марзоев — предприниматель, один из инициаторов создания фонда "Реком", спонсор многих национальных проектов, хранитель осетинской культуры, языка и обычаев.

8. Руслан Кучиты — инженер-механик, делегат съезда осетинского народа, общественник, один из основателей движения "Иудзинад".

9. Ахсар Фадзаев — юрист, вице-премьер Правительства республики, инициатор внесения в законодательство РСО-Алания понятий "ирон æгъдау" и "сакральные территории и места".

10. Сослан Засеев — действующий офицер "СОБР"-а, достойно представляющий осетинскую молодежь, безгранично преданный своему народу.

11. Мухтар Байсангуров — учитель-историк, экскурсовод, знаток национальных традиций и обычаев.

Далее совет движения "Иудзинад" на своем очередном заседании принял решение исключить Б. Кучиева из своего состава за систематические нарушения установленного регламента.

Но мы недооценили этого нового "Бонапарта". Он оперативно осуществил юридическую регистрацию некоей культурно-просветительской организации "Иудзинад", обзавелся печатью и во все инстанции стал рассылать письма о том, что только он является единственным законным представителем движения "Иудзинад". Помимо этого, своим письмом в прокуратуру он потребовал запретить деятельность движения "Иудзинад", из которого его исключили.

Как известно, движение "Иудзинад" среди старшеклассников проводит республиканский смотр-конкурс "Ирон дæн æз". Каково же было наше удивление, когда в Алагирском районе нам показали его письмо с требованием не проводить данный конкурс. Тем не менее, конкурс был успешно проведен (материал об этом можно прочитать в данном номере).

По поводу деятельности нашего движения мы были вынуждены давать разъяснения прокуратуре. После получения всей необходимой информации, сотрудники прокуратуры только развели руками: как такое возможно в осетинском обществе? Вместо того, чтобы провалиться сквозь землю, этот человек продолжает поливать грязью людей, которые не жалеют сил и средств для достижения поставленных перед движением "Иудзинад" задач.

Б. Кучиевым много людей введено в заблуждение. Конечно, они видели его сидящим во главе стола и принимали за лидера движения. Чем он пытается пользоваться и сейчас. Ввиду этого вынуждены рассказать о некоторых его действиях.

Так, он обратился к представителям фамилии Хетагуровых с предложением создать фамильный фонд, который он обязался пополнять средствами, но только в том случае, если его изберут в совет фонда. При этом свои услуги он предложил оплачивать. Когда Хетагуровы поняли его реальные намерения, с ним предпочли дело не иметь.

Но не так просто этого человека заставить расстаться с мыслью разбогатеть и быть значимым. После этого он подался к служителям культа и предложил им в дальнейшем свое покровительство, объясняя это тем, что в скором времени он сам (или его ставленник) возглавит совет движения "Иры Стыр Ныхас". Не сомневаемся, что "дзуары лæгтæ" поймут его истинную суть и укажут этому человеку на дверь.

А пока Б. Кучиев, вводя в заблуждение своих новых последователей, разглагольствует о грандиозных планах, делая одну лишь оговорку — для достижения поставленных целей нужны деньги. Б. Кучиев со товарищи считают, что все пожертвования из святилищ и других табуированных мест должны стекаться к ним. Раньше каждый осетин с трепетом относился к этим пожертвованиям и боялся неправедным их расходованием навлечь на свой род проклятие.

Движение "Иудзинад" твердо убеждено в том, что "Иры Стыр Ныхас" должен избираться делегатами всех осетинских фамилий сроком на три года. Члены "Ныхаса" из своего состава должны выбирать председателя и его заместителей, которые должны заниматься не политикой, а решением вопросов жизнедеятельности осетинского общества. В этой работе не должно быть места проходимцам, а "дзуары лæгтæ" должны назначаться по жребию сроком на один год. Причем, каждый "дзуары лæг" должен произносить клятву о том, что ни один рубль из пожертвований не будет потрачен на личные нужды. Правильнее всего было бы направлять эти деньги на специальный счет, и решение об их расходовании принимать только коллегиально.

Возвращаясь к нашему "герою", хочется предостеречь от его бурной деятельности людей, действительно и искренне неравнодушных к судьбе Осетии и сказать, что общественная организация "Иудзинад", возглавляемая Б. Кучиевым, главной задачей ставит служение его, Б. Кучиева, эго.

Общественное же движение "Иудзинад", которое работает без председателя и размещается на прежнем месте, продолжает (теперь уже с официальной регистрацией) свою деятельность по претворению в жизнь поставленных задач собственными силами и средствами, без оглядки на кого бы то ни было.

Мы долго не хотели "выносить сор из избы", но Батрадз Кучиев своими провокационными действиями и поведением выбора нам не оставил.

Понимая что для воплощения его "великих идей", не хватает такой малости, как деньги, следующим его шагом может быть выставление кубышек с просьбой жертвовать на "Иудзинад". Убедительная просьба к нему: подписывать — "Иудзинад"-у Кучиева Батрадза".

**Совет движения "Иудзинад"**

*г. Владикавказ, Маркова, 28.*

**Арфæйаг хъуыддаг**

# Уадз æмæ амонд нæ Иры

**Æрхæццæ нæ республикæйы районты скъолатæй æркаст-конкурс ”Ирон дæн æз”-ы чи фæуæлахиз, уыдон сæ ахуыргæнджытæ, хæлæрттæ, бинонтæ æмæ сæ хæстæджытимæ арф æнкъарæнтимæ кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы бон. Æмæ куыд нæ, кæд æмæ Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры сценæйыл ерысы бацыдысты нæ республикæйы чызджытæн сæ хуыздæртæ, сæ сæрæндæртæ. Уал æмæ уал фæлварæны сæрты ахизгæйæ, ноджыдæр ма сфæлтæрдтой ирон æгъдауы, хотау кæрæдзи фарсмæ æнгомдæр æрбалæууыдысты æмæ уæхски-уæхск размæ цæугæйæ, кæрæдзийæн уыдысты ныфс, кодтой æххуыс. Уыдонæн сæ нысан уæлахиз нæ, фæлæ иудзинад кæй у, уымæн æвдисæн уыд, конкурсы фæстæ дæр кæрæдзимæ цæстуарзонæй кæй кастысты, уый.**

Æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы конкурсы кæронбæттæны кæрæдзи фарсмæ ерысы æрбалæууыдысты, Дзæуджыхъæу æмæ районты æмвæзадыл æркастыты чи фæуæлахиз, уыцы дæс архайæджы: Хъæдгæроны скъолайы ахуырдзау **Саматы Томæ** (йæ ахуыргæнæг — **Гуытъиаты Заремæ**), Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуырдзау **Джыккайты Фатимæ** (йæ ахуыргæнæг — **Лохты Ритæ**), Кæрдзыны скъолайы ахуырдзау **Хотаты Зæлинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Зураты Нанули**),





Дзæуджыхъæуы 13-æм скъолайы ахуырдзау **Сæлбиты Элинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Бигъаты Дианæ**), Дæллаг Санибайы скъолайы ахуырдзау **Цырыхаты Мæдинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Къораты Фиалетæ**), Зилгæйы скъолайы ахуырдзау **Дудайты Элинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Дзиойты Зæлинæ**), Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы ахуырдзау **Дзгойты Зæринæ** (йæ ахуыргæнæг — **Хамыхъоты Жаннæ**), Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзау **Гогаты Мальвинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Хъайттаты Ларисæ**), Дзæуджыхъæуы 30-æм скъолайы ахуырдзау **Моурауты Ирэнæ** (йæ ахуыргæнæг — **Битарты Ларисæ**) æмæ Цыколайы 2-æм скъолайы ахуырдзау **Цæрикъаты Дзерассæ** (йæ ахуыргæнæг — **Малиты Сафиат**).

Сæ арæхстдзинадæн сын аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ: паддзахадон телерадиокомпани ”Алани”-йы раздæры диктор **Мамсыраты Тасолтан**, паддзахадон телерадиокомпани ”Алани”-йы звукорежиссер **Газайты Зоя**, Цæгат Ирыстоны Сылгоймæгты советы сæрдары хæдивæг **Такъæты Ольгæ**, æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы уæнгтæ **Фæрниаты Эльбрус** æмæ **Дзуццаты Феликс** æмæ газет ”Рæстдзинад”-ы уацхæссæг **Хетæгкаты Оксанæ**.

Æнцон хæс нæ лæууыд жюрийы уæнгты размæ, уымæн æмæ ерысы кæронбæттæны архайджытæ иуульдæр уыдысты æнаипп, куыд се ’ддаг бакастæй, афтæ сæ цæттæдзинад, зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинадæй дæр. Зын уыд искæмæ сæ фау æрхæссын, иннæмæй та се ’хсæнæй хъуыд уæлахиздзауты сбæрæг кæнын. Ерысы уагæвæрдмæ гæсгæ, архайджытæ сæхи бацæттæ кодтой, рагацау сын цы хæслæвæрдтæ радтой, уыдоны бындурыл.

Фыццаг бакастысты нывæцæнтæ ”Ирон дæн æз”. Алчидæр сæ сæрыстыр уыд, зæххыл иронæй кæй райгуырд, ирон авдæны йæ кæй ауызтой, уымæй. Сæ нывæцæнты дзырдтой, Ирыстонæн хъæбулы лæггад чи бакодта æмæ ирон лæджы хорзы кой дæрдты кæй руаджы айхъуыст, уыдоны нæмттæ. Сæ нывæцæнты ард хордтой, фидæны кæй архайдзысты, сæ фыдæлты рухс номыл хъуыды кæнгæйæ, хорз хъуыддæгтæ аразыныл. Сæ аив ныхас, сæ арф хъуыдытæ зæрдæйæ кæй цыдысты, уымæй, залы цы адæм бадт, уыдоны зæрдæтæ дæр рухс кодтой, цæстытæ та — уымæл. Уыимæ, радзырдтой, сæхæдæг дæр цы хъуыддаджы лæуд сты, ирондзинад дарддæр сыгъдæгæй хæссыныл куыд архайынц, уый тыххæй дæр.

Иннæ фæлварæны ерысдзаутæ æмхуызонæй хорз равдыстой, ирон бæрæгбæттæ бæстон кæй зонынц, уый. Дæлдæр не ’рлæууыдысты чындзæхсæвы æгъдæуттæ зоныны фæлварæны дæр. Хæлттæ сæппаргæйæ, чи цы ’гъдау систа, уый тыххæй радзырдта æнæкъуылымпыйæ.

Ирон нæлгоймагæн йæ уды ис фæллой кæнын, зæххимæ, фосимæ куыст уарзын. Ирон сылгоймаг дзы фæстæ нæ лæууыд. Хæдзары мидæг цы куыстмæ нæ арæхст, ахæм зын ссарæн уыд. Амæлттæ кæнгæйæ, фæзынд бирæ ирон кусæнгæрзтæ. Уыдонæн абон сæ фылдæр цæст дæр нал уыны, фæлæ ма сæ фенæн ис фæсхъæуты хæдзæртты царты, музейты æвæрæнты, чингуыты. Ерысдзаутæ уыцы кусæнгæрзты канд хуызмæ нæ базыдтой, фæлæ ма радзырдтой æмæ архайдæй равдыстой, хæдзары сæ куыд пайда кодтой, уый.

Нæ чызджытæ ма нæ иу хатт ныфс бауагътой: ирон рагон хæринæгтæ абоны фæлтæртæй рох не сты. Æрмæст дзургæ нæ, фæлæ ма, ирон сылгоймагæн арынджы раз æрбалæууынæн цы уаг ис, сæрыхъуынтæ сæрбæттæны бын хæрзфаст æмæ разыл куатæ, афтæмæй равдыстой æмæ радзырдтой ирон хæринæгты тыххæй, цы ахадындзинад сын ис, куыд сæ фæкæнынц, уыдæттæ. Джыккайты Фатимæ та равдыста, сæхимæ хыссæ куыд фæкæны æмæ, Ногбоны бæрæгбонмæ æртхурон куыд скодта, уый.

Æркасты кæронбæттæны чызджытæ сæ арæхстдзинад, иннæ хæттытау, равдыстой аивадон-сфæлдыстадон ерысы. Цымыдисаг уыд 13-æм скъолайы сценикон архайд. Равдыстой сæ арæхстдзинад нымæт æууæрдынæй, алдымбыд кæнынæй æмæ рагон ирон уадынгæрзтыл цæгъдынæй. Скъолайы минæвар Сæлбиты Элинæ аив ацагъта дыууадæстæнон фæндырæй рагон уадынгæрзтæй цæгъдæг фольклорон-инструменталон къорд ”Къона”-йы уæнгтимæ. Гогонимæ уæздан кафт акодта санибайаг чызг Цырыхаты Мæдинæ. Иннæ чызджытæ сæ кафæг къæйттимæ акодтой рагон уæздан ”Хонгæ” кафт. Хотаты Зæлинæ уазджыты фæхудын кодта монолог ”Æгъдауджын сылгоймаджы” хъазæн ныхæстæй.

Æркаст-конкурсы кæронбæттæны архайæг чызджытæй алчидæр уыд хицæн хæрзиуæджы аккаг. Уæвгæ, ахæм кæстæртæ сæхæдæг хæрзиуджытæ сты, цы хæдзарæй рацыдысты, уыцы бинонтæн, цы скъолайы ахуыр кæнынц, уыцы ахуыргæнджытæн, цы хъæубæсты хъомыл кæнынц, уыцы æхсæнадæн. Сæ аивдзинадмæ лæг кæсынæй не ’фсæст. Бæлвырд у иу хъуыддаг — сæ уындæй, сæрыстыр кæй уыдысты, ахæм фæсивæд нæм кæй ис, уымæй залы бадджытæ иуылдæр.

# бæсты фарны ахстон скæна








Бæрæгбон амонджытæ **Налдыхъуаты Зæлинæ** æмæ **Лалыты Хъазыбег** сæ хъæлдзæг æмæ аив ирон ныхасæй æххæст кодтой бæрæгбоны сæйраг нысан. **Илурты Риммæ, Тайсауты Олег, Хадыхъаты Аллæ** ерысты æхсæн акодтой зæрдæмæдзæугæ зарджытæ. Куыд рæсугъд æмæ мидисджын рауад ацы бæрæгбон! Иу иннæйы фæдыл сценæмæ рахизгæйæ, зарæг ”Иры чызджытæ” акодтой **Томайты Миланæ, Секъинаты Элитæ** æмæ **Бестауты Дианæ**. Уый уыд ирон адæмы иудзинады нысан. Кæстæртæн та — ныстуан.

Иууылдæр тынг цымыдисæй æнхъæлмæ кастысты ерысты хатдзæгтæм. Жюрийы уæнгтæ куыд бахыгътой, афтæмæй фыццаг бынат бацахста Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзау **Гогаты Мальвинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Хъайттаты Ларисæ**). Дыккаг бынат — Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуырдзау **Джыккайты Фатимæ** (йæ ахуыргæнæг — **Лохты Ритæ**). Æртыккаг бынат та — Кæрдзыны скъолайы ахуырдзау **Хотаты Зæлинæ** (йæ ахуыргæнæг — **Зураты Нанули**).

Дидинджытæ, æнæрынцайгæ къухæмдзæгъд, риуыдзаг æнкъарæнтæ, цæссыгтæ, арфæтæ, хъæбыстæ... Уый амыдта, бæрæгбон йæ нысаныл кæй сæмбæлд!..

Æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы æвзæрст лæг **Байсонгъуырты Мухтар**, æхсæнады уæнгтæ **Мæрзойты Тамерлан, Фæрниаты Эльбрус, Туаты Алан** æмæ æркаст-конкурсыл дзуапдæттæг **Токты Валодя** кадджын уавæры ерысдзауты се ’ппæты дæр схорзæхджын кодтой Кады гæххæттытæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Фыццаг бынат бацахсæг ахуырдзау æмæ йæ ахуыргæнæгæн лæвæрд æрцыдысты æхцайы премитæ фæйнæ фынддæс мин сомы, дыккаг бынатæн — фæйнæ дæс мины, æртыккаг бынатæн — фæйнæ авд мин сомы.



Архайджытæн раарфæ кодтой Мæрзойты Тамерлан, Мамсыраты Тасолтан, Фæрниаты Эльбрус. ЦИПУ-йы ахуыргæнджытæ сæ арфæтимæ Гогаты Мальвинæйæн балæвар кодтой дидинджыты баст, фидæны, йæхæдæг куыд загъта, афтæмæй, ирон филологийы факультетмæ ахуыр кæнынмæ кæй бацæудзæн, уый тыххæй.

— Мæ куысты фæдыл æмæ æнæуи дæр куы зианы, куы та циндзинады хъуыддæгты арæх фенын, нæ адæмæй бирæтæ не ’гъдæуттæ кæй нал зонынц, уый. Кæрæдзи рафæрс-бафæрс сисынц æмæ фылдæр хатт нысуйтæ вæййынц. Абон ацы сценæмæ цы рæсугъд фæсивæд рацыд, уыдон мын мæ зæрдæмæ рухс æмæ ныфс бауагътой. Иуæй цин кодтон, иннæмæй та — мæ зæрдæ кодта æрхæндæг, Ирыстоны цæрджытæ сын иууылдæр æвдисæн кæй нæ уыдысты, уымæй, — загъта Газайты Зоя. — Ирон æвзаг сæ дзыхæй афтæ фидыдта, æмæ сæ стæм сæрыстыр. Сценæмæ сæ фыццаг ракъахдзæфæй æмдзæвгæтæ кæсгæйæ, сæ алчидæр ”Ирон дæн æз” куы загъта, уæд мыл мæ монцтæ фæтых сты æмæ фырцинæй мæ кæуындзæг мæ хъуыры абадт. Тæхудытæхуды æмæ сæ фæсмджытæ куы фæзынид. Ахæм хорздзинад ирон адæмæн скæнын та кæй зæрдыл æрлæууыд æмæ йыл чи бафыдæбон кодта, уыдонæн Хуыцау раарфæ кæнæд.

**ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ**
**Къамтæ систа ЦÆГÆРАТЫ Дауыт**

Хъæппæрис

# “Иудзинад”-ы балц

**Кад æмæ радимæ сбæрæг кодтой Ирон æвзаджы бæрæгбон канд Ирыстоны цæрджытæ нæ, фæлæ Турчы, нæ бæстæйы алы горæтты æмæ суанг фæсарæнты ирон диаспорæты минæвæрттæ дæр. Цæгат Ирыстоны æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы уæнгтæ республикæйы скъолаты хистæр къæлæсты ахуырдзауты ’хсæн цы ахсджиаг æркаст-конкурс ”Ирон дæн æз” сарæзтой, уый уæлахиздзаутæ та Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны агъоммæ сæ ахуыргæнджытимæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ культурæйы минæвæрттимæ абалц кодтой Хъæрæсе-Черкесимæ, Лабæмæ.**




1870-æм азты æнæзæхх ирæттæ, Хетæгкаты Леуан сæ разæй, афтæмæй Нарæй Хъæрæсемæ рараст сты хуызлдæр цардагур, æмæ сын бар радтой Суаны хохы бын æрбынат кæнынæн. Сæ ног цæрæнбынат схуыдтой Георгиевско-Осетинское (фæстæдæр, Къостайы райгуырды 80 азы куы бæрæг кодтой, уæд хъæу схуыдтой йæ номæй, махæн та зындгонд у, куыд Лабæ). Кæддæры хъомысджын æмæ гуыпгæнгæ Лабæйы ма абон баззад армыдзаг цæрæг ирæттæ. Кæд дзы раджы 8 мин ирон адæймаджы цард (цæргæ та дзы кодтой æрмæст ирæттæ), уæд абон цæрджыты нымæц у 2 800 (уыдонæн æрмæст сæ 30 проценты сты ирæттæ).



Уыцы уавæр ссис æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы уæнгты мæт æмæ сагъæс. Сæ хæсыл банымадтой, абон дзы чи цæры, уыцы ирæтты фарсмæ æрбалæууын ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Бафæндыд сæ Хъæрæсейы зæххыл сæ хотæ æмæ æфсымæртæн фидар ныфсы мæсыгæй ныллæууын, цæмæй Ирыстонæй Лабæмæ саразой культурон бастдзинæдты хид.

Ирыстонæй Лабæмæ дыууæ бонмæ цы минæвæрттæ ацыд, уыдонæн, хъæумæ бацæуæны цы кувæндон ис, уый бын, ирон æгъдау куыд амоны, афтæ æртæ уæливых, ирон бæгæны æмæ сын сæ æрцыдмæ хъæуы цæрæг Барахъты Хъазыбег цы кусарт акодта, уымæй æртæ фæрскимæ æгасцуай загътой Лабæйы хъæуы администрацийы сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Хетæгкаты Иринæ**, Хъæрæсе-Черкесийы ирон диаспорæйы сæрдар **Хетæгкаты Олег**, хъæуы хистæртæ, разагъды лæгтæ, ирон фæсивæд. Уыцы фембæлд хъæубæсты цæрджытæн æрхаста цины бæрæгбон.

Фысымтæн уазджыты æрцыд афтæ æхсызгон уыд, æмæ сæ суазæг кодтой се ’нкъарæнтæй, нæ ауæрстой ирон æвзаджы рæсугъддæр æмæ уæзджындæр ныхæстыл. Сæ цæсгæмттæй нæ цух кодтой мидбылхудт æмæ зæрдæйы арф æнкъарæнтæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй сæм, хъыгагæн, Ирыстонæй уазджытæ арæх нæ вæййы…

Ирыстоны минæвæрттæ бабæрæг кодтой, Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ Лабæйæ цы 805 сахъгуырды фæцыд, уыдоны номыл хъæуы астæу цы номарæн комплекс ис, уый, æмæ йыл сæвæрдтой дидинджытæ сæ рухс ном, сæ кад æмæ намысæн. Уыцы æхсарджын фæсивæдæй 35 уыдысты чызджытæ. 424 хæстоны сæ фыдыуæзæгыл нал сæмбæлдысты. 19 бинонтæй фæхъуыд æртыгай хъæбултæ, 5 бинонтæй — цыппæргæйттæ. Ордентæ æмæ майдантæй хорзæхджынгонд æрцыдысты 790 хæстоны. Ис сæм Советон Цæдисы Хъæбатыртæ æртæ: Калоты Алыксандр, Бутаты Георги æмæ Козаты Алыксандр.

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ хистæртæ кæстæртæн дзурынц сæ хъæбатырдзинады тыххæй. Алкæмæндæр сæ зындгонд у, 1943 азы Хъырымы зæххыл Армянскы бынмæ 32-æм кавалерион полчъы гвардионтæ знаджы ныхмæ куы стох кодтой, уæд Калоты Алыксандр йæхи знаджы дзотмæ фехсгæйæ йæ риуæй амбразурæ куыд бамбæрзта, уый. Бутаты Георги, Днепры рахиз фарс хæцгæйæ, батальоны йæ фæдыл фондз хатты атакæйы куыд акодта... Абон дæр сæ нæмттæ не сты рох. Хъæубæстæ сты сæрыстыр, се ’мхъæуккæгтæм уыйбæрц æхсардзинад, лæгдзинад æмæ намыс кæй разынд, уымæй.

Уыцы ран ис, 2004 азы Беслæны 1-æм скъолайы фыдбæллæхы чи фæмард, уыцы æнаххос адæмы номыл цыртдзæвæн дæр. Се ’ппæтæн дæр, иу минут æдзæмæй алæугæйæ, фысымтæ æмæ уазджытæ ссардтой сæ ном.

Уазджытæ бабæрæг кодтой Хетæгкаты Леуан æмæ йæ чызг Олгъæйы ингæнтæ. Ныгæд сты, кæм цардысты, уыцы хæдзары кæрты. Олгъæ мæлыны къахыл куы ныллæууыд, уæд фæдзæхста, цæмæй йæ бынтæ фыст æрцæуой гимназы исбоныл. Фæстæдæр сæ хæдзары кæрты амад æрцыд ног бæстыхай, æрæджыйы онг та дзы уыд рæвдауæндон. Ныр та сын федералон программæмæ гæсгæ сарæзтой нырыккон домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм алцæмæй ифтонг ног рæвдауæндон. Ирыстонæй ирон адæймаджы къухты хъарм андзæвыд хъæуæн бындур чи бавæрдта, уый — Леуан æмæ фыццаг ахуыргæнæг Олгъæйы ингæныл æмæ уый зæрдæйæн хаста æнустимæ бастдзинады цавæрдæр æнахуыр æнкъарæн.

Къостайы цалынмæ 1906 азы Ирыхъæуы Мады-Майрæмы аргъуаны кæрты нæ баныгæдтой, уæдмæ Лабæйы цы ран ныгæд уыд, уым ын абон ис цырт (скъолайы кæрты). Йæ акомкоммæ та — бæрзонд цыртдзæвæн. Уыцы бынæттæ се ’ппæт дæр бабæрæг кодтой Ирыстоны минæвæрттæ æмæ сыл сæвæрдтой дидинджытæ.

Хъæуы цард æмæ уагыл цæлхæмбырдæй æрдзургæйæ, дыккаг бон скъолайы бæстыхайы уазджытæн æгасцуай загътой Хетæгкаты Иринæ, Хетæгкаты Олег, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ **Барахъты Людмилæ** æмæ **Нартыхъты-Хуыгаты Юлия**, скъолайы директор **Хъуылаты Барис** æмæ хъæуы цæрджытæ. Зæрдылдарынæн сын балæвар кодтой кæттагыл конд ныв, загътой сын арфæйы ныхæстæ.



# Лабæмæ, Къостайы хъæумæ

Ирыстонæй цы ахуыргæнджытæ ацыдис, уыдон Къостайы хъæуы скъолайы хистæр кълæсты ахуырдзаутæн скодтой мастер-класстæ. Хъазты хуызы Æрыдоны 1-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы фæлтæрдджын ахуыргæнæг **Лохъты Ритæ** цы ирондзинады ахуырадон ерыстæ скодта, уым скъоладзаутæ æмæ ахуыргæнджытæ архайдтой тынг зæрдиагæй. Æмæ куыд нæ, загъта скъолайы директор Хъуылаты Барис, кæд æмæ ахæм хуызы ерысты архайынц фыццаг хатт. Ирон таурæгътæ, уыци-уыцитæ, рагон уырнинæгтæ æмæ кæронбæттæны ”Зондабиты зарæг” æрбангом кодта кæстæрты æмæ сын сæ зæрдæты ныууагъта арф æнкъарæнтæ, фæхъæздыгдæр сæ дзырдуат ирон ныхæстæй, арфдæр банкъардтой æвзаджы тавс.

Раст зæгъын хъæуы, Лабæйы кæстæртæ зæрдæйы фæндиаг нæ арæхсынц иронау дзурынмæ, нæ сын фаг кæны æвзаджы ахуыргæнджытæ, чингуытæ. Тæссаг у, цыбыр рæстæджы фæстæ се 'хсæн куы бамынæг уа йæ цæхæр, уымæй. Уый Ирыстоныл æвæры ноджы стырдæр уаргъ, фæкæсын сæм хъæуы уавæртæ саразынæн. ”Иудзинад”-ы уæнгтæ зыдтой, чингуытæй цух кæй æййафынц, æмæ сæ къух цас амыдта, уыйбæрц сын самал кодтой ахуыргæнæн чингуытæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ. Балæвар сын кодтой Нафийы уацмысты дæстомон æмбырдгонд. Тынг сыл бацин кодтой.

”Иудзинад”-ы уæнг **Мæрзойты Тамерлан** æхсæнадæй æрвыст бæлццæтты Къостайы хъæу — Лабæмæ куы фæндараст кодта, уæд сын фæндагмæ афтæ фæдзæхста:

— Хъусут, не 'фсымæртæ æмæ хотæн ныфс раттут, сæ фарсмæ цы фæнды хъуыддаджы балæууынмæ дæр цæттæ кæй стæм, уымæй. Уыдон сты ирон адæмы фыдæлты зæххытæ, æмæ сыл барджынæй цæрæнт, не 'взаг, нæ культурæ, не 'гъдау хъахъхъæнгæйæ, фæлтæрттæм сæ æнæрцæфæй хæсгæйæ.

Ирон аивадæн зæрдиагæй лæггадгæнæг, фыдæлтыккон дыууадæстæнон фæндыр сæндидзынгæнæг **Илаты Тимур** сывæллæттимæ фембæлды рæстæг цы лекци бакаст ирон уадынгæрзты тыххæй, уый, æнæмæнг, сæ зæрдыл бадардзысты. Йемæ аласта йæ фæндыр, æмæ хъæуы сæрмæ азæлыд рагон ирон цагъд. Тæхуды-тæхуды, абон иу чызг Лабæйы хъæуы йæ къухмæ фæндыр куы райсид æмæ йын йæ тæнтæ куы аивазид... Фæлæ, хъыгагæн, иунæг дæр дзы цæгъдын нæ зоны. Тимур сын ныфс бавæрдта, иннæ фембæлды сын ирон уадынгæрзтæ кæй балæвар кæндзæн, уымæй. Кæй фембæлдзысты ирыстойнаг этнографион къордтимæ æмæ сын кæй равдисдзысты æцæг ирон аивад.

**1870-æм азты æнæзæхх ирæттæ, Хетæгкаты Леуан сæ разæй, афтæмæй Нарæй Хъæрæсемæ рараст сты хуыздæр цардагур, æмæ сын бар радтой Суаны хохы бын æрбынат кæнынæн. Сæ ног цæрæнбынат схуыдтой Георгиевско-Осетинское (фæстæдæр, Къостайы райгуырды 80 азы куы бæрæг кодтой, уæд хъæу схуыдтой йæ номæй, махæн та зындгонд у, куыд Лабæ). Кæддæры хъомысджын æмæ гуыпгæнгæ Лабæйы ма абон баззад армыдзаг цæрæг ирæттæ. Кæд дзы раджы 8 мин ирон адæймаджы цард (цæргæ та дзы кодтой æрмæст ирæттæ), уæд абон цæрджыты нымæц у 2 800 (уыдонæн æрмæст сæ 30 проценты сты ирæттæ).**





”Иудзинад”-ы уæнгтæй рохуаты нæ баззадысты сабитæ дæр. Бабæрæг кодтой рæвдауæндон ”Теремок” æмæ сывæллæттæн балæвар кодтой алы хуызы цымыдисаг хъазæнтæ, сбуц сæ кодтой адджинæгтæ æмæ æндæр дзаджджын хуынтæй.

Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ сын цы ног рæвдауæндоны бæстыхай саразтой, уый дæр официалон æгъдауæй уыцы бон гом кодтой. Рæвдауæндоны сæргълæууæг **Хуыбиаты Светланæ** йæ кусджытимæ тынг фæбузныг ”Иудзинад”-ы хъæппæрисæй. Ракодтой сын зæрдиаг арфæ. Сæ фæндон та уыд, цæмæй сын Ирыстонимæ уа ноджы æнгомдæр бастдзинæдтæ.

”Иудзинад”-ы проект — æркаст-конкурс ”Ирон дæн æз”-ы уæлахиздзаутæ: Æрыдонæй — **Джыккайты Фатимæ**, Хъæдгæронæй — **Саматы Томæ**, Кæрдзынæй — **Хотаты Зæлинæ**, Дæллаг Санибайæ — **Цырыхаты Мæдинæ**, Дзæуджыхъæуæй — **Дзгойты Зæринæ** æмæ **Моураты Ирэнæ**, Цыколайæ — **Цæрикъаты Дзерассæ** Лабæйы скъолайы ахуырдзаутимæ хъæуы клубы бынæттон цæрджытæн цы иумæйаг концерт равдыстой, уый афтæ зæрдæмæдзæугæ рауад, æмæ бирæтæ, нæ чызджыты ирон аив ныхас, ирондзинадмæ кæсгæйæ, сæ цæссыг бауромын нæ фæрæзтой. Сæ бæллиц уыд, цæмæй ахæм фембæлдтытæ уой арæхдæр. Цæмæй сæм Ирыстонæй хæссой ирондзинады дзадджджын монон хуынтæ æмæ сæ иумæ тауой кæстæртыл. Фидæнæн кæной рæсугъд фæндæгтæ, аразой хæлардзинады хидтæ. Фсысымты 'рдыгæй концерты архайдтой адæмон кафтыты ансамбльтæ ”Кавказ” (йæ разамонæг — **Хуыгаты Эдуард**) æмæ ”Горяночка” (йæ разамонæг — **Нартыхъты Иринæ**) дæр.

Уыцы фембæлды ”Иудзинад”-ы æвзæрст лæг **Байсонгъуырты Мухтар** æмæ æхсæнады уæнг **Токты Валодя** арфæ ракодтой хъæуы цæрджытæн...

Къостайы хъæумæ æхсæз сахаты фæндагыл фæцу æмæ рагъыл бæрзонд XX-æм æнусы нæ фыдæлтæ — алайнæгтæ Суаны цъуппыл цы моладзандон саразтой, уый аргъуаны къæсæрæй ма бахиз? Уый та куыд!? Илаты Тимур дзы хистæры ракуывды фæстæ ”Уастырджийы зарæг” бæрзонд куы систа, уæд зарæг азæлыд комыл. Гыццыл фалдæр та хъæуы сæрмæ къуыппыл фæйлауæнтæ кодта Ирыстоны тырыса. Ацы ран 6 майы хъæуы цæрджытæ кадджын уавæры сбæрæг кæнынц Суаны Уасджеорджийы бæрæгбон. Цæуынц æм фенынмæ алы рæттæй туристтæ.

Аргъуан, рæстæджы тымыгъы бахаугæйæ, фæцудыдта, фæлæ йæм рæвдз фæлæууыдысты æмæ йæ ногæй саразтой. Цæгат Ирыстонæй хæрзгæнджытæ — Хуыбылты Æхсарбег йæ фырттæ Сослан æмæ Асланимæ Воронежы самал кодтой аргъуанæн дзæнгæрджытæ. Фæрсæрдыгæй дзæнгæрæгдон æмæ сарагонд Барахъты Хъазыбеджы разамындæй саразтой хъæуы цæрджытæ Зæнджиаты Аслæнбег, Черкасты Олег, Цъæхилты Эльдар, Балиты Алан, Датиты Георги, Хъæрджынты Леуан, Цогойты дыууæ æфсымæры Игорь æмæ Олег. Æххуыс сын кодтой хистæр скъоладзаутæ дæр.

— Уый диссаг уыд, æвæдза! Аразæн æрмæджытæ бон-сауизæрмæ фæхастам, дыууæ къæдзæхы астæу цы ауыгъд мæнгхид уыд, уый сæрты, — загъта **Барахъты Хъазыбег**. — Куыддæр арæздадон куыстытæ фестæм, афтæ къæвда ныккалдта, æмæ аргъуанмæ нæхи æрбайстам. Нæ дзаумæттæй иннæ фарс цыдæртæ аззад æмæ сæ рахæссæм, зæгъгæ, куыддæр лæппутæй чидæр иннæ фарсмæ ахизынвæнд скодта, афтæ фæкомкоммæ, æмæ ма хид йæхиуыл тыххæй хæцы. Къахæй йæ бакъуырдта æмæ далæ кæмдæр арфы къæдзæхы къултыл бынмæ нызгæлæнтæ. Уый та уын табуйаг бынат!..

Уазджыты сæ къах нал хаста. Нал фысымты фæнды сæ ацыд. Акодтой сын дыккаг кусарт фæндаджы размæ. Кæронбæттæны бацыдысты ”Симд”-ы æмæ дзы стырæй-чысылæй æнгом кæрæдзи фарсмæ уæхски-уæхск æрбалæууыдысты. ”Ног фембæлдмæ”, — хъуыстис дыууæрдыгæй.

**ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ**
**Авторы ист къамтæ**

Конференци

# Къостайы номыл бакастытæ

**Фæсивæды зæрдæты Ирыстоны историмæ, ирон æвзагмæ, культурæмæ, аивадмæ, литературæмæ, æгъдæуттæм уарзондзинад гуырын кæнын, Иры нæртон хъæбул Къостайы сфæлдыстад зонынмæ сæ разæнгард кæныны нысанимæ Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл 13-æм астæуккаг скъолайы æрвылаз дæр вæййы нæ горæты скъоладзауты наукон-ахуырадон конференци ”Къостайы номыл бакастытæ”.**

Скъолайы коллективæн сæ арфæйаг хъуыддаджы сæ фарсмæ кæддæриддæр æрбалæууынц Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы ахуырады управлени æмæ Хетæгкаты мыггаджы минæвæрттæ Таймураз, Аслан æмæ Мурат. Æмæ æрмæст уыдон нæ. Ацы хатт конференци саразыны хъуыддагмæ йæ бавæрæн бахаста Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд ”Иудзинад” дæр — радих кодта æхцайы фæрæзтæ.

Ацы аз фæсивæды наукон форум цыд дæсæм хатт. Конференцийы архайджытæ сæ докладтæ кастысты сæ кармæ гæсгæ æртæ къордæй. Ирон æвзаджы, литературæйы, историйы, культурæйы, генеалогийы, спорты национ хуызты фарстатыл фыст æрмæджытæн аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ. Уыдонимæ — æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы советы уæнгтæ Токты Валодя æмæ Байсонгъуырты Мухтар дæр.

Сæ хатдзæгтæм гæсгæ, æртæ къорды фыццаг бынæттæ бацахстой Дзæуджыхъæуы 15-æм астæуккаг скъолайы ахуырдзау Таутиаты Неля (йæ ахуыргæнæг — Ситохаты Зарæ), Физикон-математикон республикон лицейы ахуыргæнинаг Хозиты Лаурæ (йæ ахуыргæнæг — Хъæстуаты Эльмирæ) æмæ Дзæуджыхъæуы 44-æм астæуккаг скъолайы ахуырдзау Челдыты Хетæг (йæ ахуыргæнæг — Дзебысаты Зарæ). Уæлахиздзаутæ æмæ сæ ахуыргæнджытæ райстой дипломтæ, майдантæ æмæ æхцайы премитæ, иннæтæн та лæвæрд æрцыд Кады гæххæттытæ.

Скъоладзауты наукон конференци ”Къостайы номыл бакастытæ” сараджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй азæй-азмæ ацы зонадон ерысы архайæг фæсивæды нымæц кæй рæзы, уымæ гæсгæ бакусдзысты ацы конференцийæн республикон статус раттыныл.

**ГАСАНТЫ Валери**

Юморескæ

# Хорз бон

Бизнесмен Быдыго йæ æвæлмон фæллойæ нæртон хист ныззылдта йæ фыд Биболайæн. Æрмæст стуртæ дзы цыппар аргæвстой. Æппæтдæр — хойрагæй, халсарæй, алыхуызон нозтæй — фынгтыл уыдысты. Нæ фыдæлтæ сæ фыны дæр кæй нæ федтой, суанг ма ахæмтæ дæр: банантæ, кивитæ...

Хуыппи æмæ Къулой, куыд алы хисты, афтæ та ныр дæр ныхæй-ныхмæ æрбадтысты. Къулой æвгты æхсæнæй уырыссаг арахъ райста, йæ къæрмæг ын фелвæста, Хуыппи йæ армытъæпæнæй къусгонд авæрдта æмæ йын сыл Къулой арахъ æркодта...

— Къултъурæ, лæппутæ, къултъурæ!.. — Хуыппи йæ къухтæ æрæхсадта, стæй сæ йæ сырх фындз адаудта...

— Дæ къултъурæ дæхи уæд, фæлæ зианджын арахъ къухтæ æхсынæн нæ æрæвæрдта! — бадзырдта йæм кæстæртæй чидæр.

— Тыхсгæ ма кæнут, лæппутæ! Арахъ ма куы бахъæуа, уæд та рахæссын кæндзыстæм...

Бадты хистæр Хуыцауы ном куы ссардта, уæд Къулой стырдæр агуывзæтæ арахъæй айдзаг кодта æмæ сæ йæхи æмæ Хуыппийы раз æрæвæрдта.

— Хистæрмæ фыццаг рæгъæй фæстæмæ хъусæг нал вæййы, ныр фынг нæхи бар у. Мæрдджынтæ арфæйы нуазæнтæ куы рахæссой, уæд алкæмæн дæр сты нуазгæйæ! — амоны Къулой.

— Æрмæстдæр афтæ! Стæй плауæй дæр сæрмагондæй рухсаг зæгъын хъæудзæнис, стæй хъæдурæй дæр, — ныхас айста Хуыппи.

Уалынмæ уидгуытæ райуæрстой æмæ хист йæ тæмæны бацыди. Хъæлдзæг ныхас сарæх ис... Кæстæртæй тамакойы фæздæг скалд. Сылгоймæгты бадтæй дæр рæстæггай сонт худт райхъуысы...

Иу афон Хуыппийæн йæ сырх фындз куы бацъæх, уæд, арвыл йæ цæст ахæсгæйæ, дзуры:

— Дзæнæты бадæд Бибола! Хорз бон ын скодта!

— Уæдæ!.. Уæдæ!.. Хур зæххыл атылди!.. Хъæлæкк хорз бон у, — бафиппайдта Къулой дæр.

— Хорз бон сымахæн скодта, хамасхортæ, ахæм дзаг фынджы уæлхъус чи бады, — йæхи сæм нал баурæдта Саухал, — æндæр Бибола йæ ахæрæты фæндагыл куы ацыдис, хур ыл куы аныгуылдис, уæд ма йын цавæр бон ис!

**СЛАНТЫ Руслан**

## Нывгæнæджы цæстæй




*— Хорз æмæ дæуæй дæр фервæзтæн!*

**БУДАЙТЫ** Аслæнбеджы конд ныв

# Нæ фидæн — нæ иудзинады

Таурæгъ

Хуыцау сфæлдыста дуне. Æмæ уыцы дунейы алцыдæр ссардта йæ бынат: зайæгойтæ, сырдтæ, фос... Сæ сæргъы та сын Хуыцау сæвæрдта адæймаджы. Уæлæуыл цæрæг адæмæй уæлдай Хуыцау сфæлдыста дæлимонты дæр — уыдоны бар та бакодта дæлзæхх.

Адæймаджы байзæддæгтæн æххуысæн Хуыцау сфæлдыста Уастырджийы, зæдтæ æмæ дауджыты æмæ сын бабар кодта: ”Адон ме сфæлдыст адæм сты, æмæ сын мæ бирæ хорздзинæдтæй мацы бавгъау кæнут”. Æмæ цæрынтæ байдыдтой адæм Хуыцауы фæдзæхстыты бындурыл.

Фæлæ уый дæлимонты зæрдæмæ нæ фæцыд, сфæнд кодтой Хуыцауы адæмы ныхмæ саразын, цæмæй уæлзæхх дæр уыдонæн баззайа. Уæд дæлимонтæ байдыдтой адæмы ардауын æмæ сæ зыгъуыммæ зондмæ здахын. ”Курут зæдтæй æмæ сæ пайда кæнут”, — амыдтой дæлимонтæ. Æмæ адæм кусгæ нал кодтой, фæлæ сарæзтой курæн хæдзæрттæ æмæ иуылдæр ерысæй куырдтой: ”Æри-ма, æри-ма!”

Фæстæдæр адæмы ’хсæн фæзынд, динтæ чи ’рхъуыды кодта, ахæмтæ дæр. Æмæ динтæ адæмы дих кæнын райдыдтой, кæрæдзимæ систой сæ къухтæ, кæрæдзийы марын райдыдтой, ”æз растдæр курын”, ”нæ, æз растдæр курын”, дзургæйæ.

Уæд зæдтæ Хуыцаумæ хъаст кæнын байдыдтой, ацы адæм кувгæ нал кæнынц, сæхи фæллойæ нал цæрынц, фæлæ иууылдæр курынц, æмæ сын нæ бон ницыуал у, зæгъгæ. Уæд Хуыцау рарвыста Уастырджийы: ”Ай ме сфæлдыст дуне у, æмæ дзы кæд кувæг лæг нал ис, уæд сын сæ хур ахуыссын кæнон æмæ дæлимонты бар ныууадзон уыцы зæхх”.

Уастырджи рабалц кодта, фæзылдис адæмты ’хсæн æмæ дзы æцæгæйдæр иу кувæг лæг нал ссардта, иууылдæр æмхъæлæсæй куырдтой, ”æри-ма, æри-ма!” кодтой. Æмæ уæд Уастырджи йæхицæн загъта: ”Уæдæ ам кувæг лæг нал ис, цæуон æмæ Хуыцауæн æппæт дæр рахабар кæнон”.

Афтæтæ хъуыды кæнгæйæ, Уастырджи хæхбæсты иу ран ауыдта ныллæг хæдзар æмæ ма, зæгъы, уырдæм дæр бакæсон. Мидæмæ бацыдис, федта дзы хуымæтæг цæрæг лæджы. Уый уазæджы раз æртæ чъирийы æрæвæрдта æмæ Хуыцаумæ бакуывта, бафæдзæхста йæхи дæр, йæ бинонты дæр.

Æмæ уæд Уастырджи загъта: ”Уæдæ, ацы дуне бынтон дзæгъæл нæу, ис ма дзы Хуыцаумæ кувæг адæймаг”. Æмæ йæ ныхас адарддæр кодта: ”Хорз лæг, дæу йеддæмæ ацы зæххыл кувæг нал ис. Дæхи мын бацамон”. Ир, зæгъгæ, дзуапп радта лæг.

Уастырджи бацагуырдта Ирæн йæ бинонты. Уæд дзуары размæ æрлæуууыдысты Ирæн йе ’фсин æмæ йе ’ртæ фырты. ”Æз дæн Хуыцауы минæвар, æмæ мæ фæнды сымахæн баххуыс кæнын”, — загъта Уастырджи. Хæдзары æфсинæн бабар кодта æртæ æртæдзыхоны скæнын, Ирæн та — фосы Фæлвæрайы стырдæр лæвæрттæй кусарт æмæ йæ раззаг хуылфыдзаумæттæй физонæг акæнын.

Кувинæгтæ фынгыл сæ бынат куы ссардтой, уæд Уастырджи æртæдзыхонты тигътыл бафтыдта Хуыцауы лæвæрттæ: уæллаг æртæдзыхоныл — зонд, куырыхондзинад æмæ бæрнондзинад, астæуккаг æртæдзыхоныл — æгъдау, æфсарм æмæ уаг, бинаг æртæдзыхоныл — хъару, разæнгарддзинад æмæ æхсардзинад.

Ир сыгъдæгзæрдæйæ скуывта Хуыцаумæ, Уастырджимæ, ссардта Хуыцауы сконд зæдты ном дæр. Йе ’ртæ фыртæй алчидæр кувинæгтæй саходыдта. Хистæр лæппумæ æрхауд фыццаг æртæдзыхон, астæуккаг лæппумæ — дыккаг, кæстæр лæппумæ та — æртыккаг æртæдзыхон.

Иры байзæддæгтæн Уастырджи загъта: ”Макуы сыстырзæрдæ ут уæ Райгуырæн бæстæйыл, уæ фыдау сыгъдæгзæрдæйæ кувут æмæ цæрут уæхи хъаруйæ. Уæ фæдонтæн дæр-иу амонут ацы æгъдæуттæ. Æз-иу алы фæззæг дæр æрцæудзынæн ацы бæстæмæ æмæ-иу къуырийы дæргъы уыдзынæн уе ’хсæн. Æмæ, цалынмæ Иры байзæддæгтæй бæрзонд рухс кувæндæтты иу уæддæр Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм сыгъдæгзæрдæйæ кува, уæдмæ а-дуне дæлимонты бар нæ бауыдзæн. Макуы ’рхæссут уæ сæрмæ курын, макуы ацæут пайдайы фæдыл, кусут уæхи хъаруйæ æмæ цæрут цæстуарзонæй. Зонут, Сфæлдисæг æмæ уæ йе сконд зæдтæ хъулон уарзтæй кæй уарзынц æмæ уæ куывдтытæн аргъ кæй кæнынц, уый. Уе ’хсæн иудзинад æмæ фарн уыдзысты, алкæй зæрдæйы дæр уæ зонд, æгъдау æмæ хъару куы бауу уой, æрмæстдæр уæд. Цард æгæрон уыдзæн, цалынмæ уæлæрвтæм хъуыса хистæрты куывд æмæ кæстæрты “о, ме Хуыцау”.

**Фæдисон**

ИУДЗИНАД
Учредитель ООО “Сэвэр”
Редактор Аслан СЛАНОВ
Редакционный совет: Ахсарбек ФАДЗАЕВ, Тамерлан МАРЗОЕВ, Сергей ТАБОЛОВ, Алан ТУАЕВ, Тамерлан ЦГОЕВ
Тираж 999
Заказ № 870
Время подписания в печать: по графику — 19.00. фактически — 18.00.
Бесплатно
✓При перепечатке материалов ссылка на “Иудзинад” обязательна.
✓Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов.
✓Ответсвенность за достоверность материалов несут авторы.
Адрес редакции и издателя: 362040, РСО— Алания, г. Владикавказ, ул. Маркова, 28. Тел.: 50— 12— 24.
email: o.d.iudzinad@gmail.com сайт: www.iudzinad.ru
Отпечатано в АО “Осетия— Полиграфсервис”
Адрес типографии: РСО— Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.